



Vaksen HPV a Pwoteje w Kont Sis Kalite Kansè

Kansè nan bouch ak nan gòj

Pa genyen okenn tès depistaj pou yo. Premye sentom lan se souvan yon boul nan kou. Mande dantis ou an pou li chèche si gen nenpòt siy kansè sa yo.


Kansè nan matris

Kansè nan matris se sèl kalite kansè HPV lakoz ki kapab dekouvri bonè gras a yon tès depistaj.


Gen KAT lòt kansè HPV lakoz

Yo pa kapab dekouvri kansè sa yo bonè atravè yon tès depistaj. Yo souvan dekouvri yo lè yo nan dènye faz kote y ap koze pwoblèm grav oswa lanmò.

KANTITE KANSÈ YO ESTIME HPV LAKOZ OZETAZINI CHAK ANE ^{1,2}



Vaksen HPV a se yon vaksen ki san danje epi efikas ki kapab anpeche devlopman plis pase 90% nan kansè sa yo.



CDC rekòmande vaksen HPV a pou TOUT adolesan soti laj 11 oswa 12 ane. Yo kapab bay li soti nan laj 9 ane rive jis laj 45 ane.



INDIANA
IMMUNIZATION
COALITION

vaccinateindiana.org

1. <https://www.cdc.gov/cancer/hpv/statistics/cases.htm>
2. <https://www.cdc.gov/mmwr/volumes/68/wr/mm6815a1.htm>